

GUNEMAN DINA BASA SUNDA BIHARI JEUNG KIWARI (Ulikan kana Kecap Gaganti Ngaran)

H. Wahyu Wibisana Yayat Sudaryat

1. Purwawacana

Nilik kana judulna mah, ieu tulisan teh siga basajan pisan, lain siga tapi moal boa basajanna teh. Rek teu kitu kumaha, atuh da jejerna oge ngan patali jeung kecap gaganti ngaran dina paguneman, padahal pasualan basa Sunda teh pohara lega jeung ruwedna, komo mun dipatalikeun kana kahirupan basa Sunda kiwari mah.

Najan katembongna basajan, tapi ieu tulisan teh ngambah kahirupan basa Sunda anu kaitung lega tur panjang, ti bihari tug nepi ka kiwari, geusan nimba pangalaman keur ngararancang makena basa Sunda dina mangsa pingburi atawa pikahareupeun. Anu dipalar ku ieu tulisan teh ninggang kana paribasa “ka hareup ngala sajeujeuh, ka tukang ngala salengkah”. Hartina, urang ulah lali ka nu bihari, lakonan nu keur karandapan, tapi bari nyongsrog pikahareupeun. Kitu ari angen-angen mah.

Najan jejerna perkara ngagunakeun kecap gaganti ngaran dina paguneman basa Sunda, tapi ari tujuan tina ieu tulisan mah henteu ngan semet dinya, leuwih lega deui nya eta pikeun maluruh basa Sunda anu keuna keur kiwari. Minangka studina, nya nyawang heula basa Sunda baheula, anu aya dina buku-buku buhun atawa naskah-naskah baheula, geusan nimba kaedah jeung kekecapan anu keuna pakeun ayeuna, mun bisa pakeun jaga. Sawanganana ngalibetkeun pamarekan linguistik diakronis jeung sosiolinguistik, najan henteu gembeng. Kitu bae, dirampidan sahinasnana.

Sakumaha anu geus ditetelakeun yen ieu tulisan teh henteu togmol nyosok jero kana soal-soal kecap gaganti ngaran wungkul, tapi leuwih jembar deui, dipedar oge hal-hal panambah kayaning (1) komunitas masarakat Sunda, (2) guneman basa Sunda ti bihari nepi ka kiwari, (3) ulikan kecap gaganti ngaran dina paguneman basa Sunda, jeung (4) situasi basa Sunda ayeuna dina mapag basa Sunda jaga, kiwari pakeun pingburi.

2. Komunitas Basa Sunda

Komunitas teh mangrupa kelompok organisme anu hirup tumuwuh tur ampur gaul ngayakeun patalimarga di hiji wewengkon atawa masarakat. Komunitas basa Sunda museur kana kelompok jalma anu aya di hiji wewengkon bari campur gaul ngagunakeun basa Sunda. Kumaha kahanan komunitas basa Sunda ayeuna?

Kiwari komunitas basa Sunda teh nyanghareupan masalah anu aya patalina jeung kaayaan masarakat katut budaya Sunda, nya eta ku pagaliwotana kaayaan, boh nu sifatna lahiriah boh nu sifatna batiniah. Dina ngagunakeun basa, masarakat Sunda umumna make dua basa pikeun kaperluan komunikasi. Ieu masarakat dwibasawan teh loba pisan make basa Indonesia dina rupa-rupa pakalangan, dalah jeung papada urang Sunda. Lian ti ku tinimbangan partisipan, jejer omongan, jeung suasana komunikasi, hal anu nyababkeun pindahna make basa tina Sunda kana Indonesia teh nya eta kaparigelan nyarita dina basa Sunda anu teu cumpon pikeun kaperluan ngedalkeun maksud, boh dina lebah adegan

basana boh dina repertoriumna. Ku kitu teh kapadetan komunikasi masarakat Sunda dina basa Sunda jadi ngurangan, atuh fungsi basa Sunda dina kahirupan sapopoe oge jadi suda.

Ieu teh mawa akibat kana kaparigelan maca dina basa Sunda. Kamampuh teks basa Sunda jadi handap da puguh teu biasa make basa Sunda dina sapopoean. Loba kecap jeung susunan basa Sunda anu geus teu dipikawanoh, kaasup soal-soal kecap gaganti ngaran, atuh eusi bacaan oge henteu kaharti, sok komo moal kasurti. Ieu oge awal ahirna mawa akibat kana kaparigelan nulis, lamun kitu jalma anu hayang ngarang dina basa Sunda baris nyanghareupan rurubed atawa bangbaluh dina ngalarapkeun basa.

3. Guneman Basa Sunda antara Bihari jeung Kiwari

Ti iraha mimitina guneman dina basa Sunda? Di mana tempatna? Saha bae panyaturna? Pijawabeun kana tilu pananya bieu teh bisa disebut enteng bangga. Disebut enteng lantaran guneman basa Sunda aya ti mimiti ayana urang Sunda jeung masarakat Sunda, tempatna anu jelas mah di tatar Sunda (Jawa Barat jeung Banten) sarta sawatara wewengkon lianna anu darumuk urang Sunda. Lamun Karajaan Sunda nu munggaran nya eta Salakanagara, anu puseur dayeuhna Rajatapura (kira-kira daerah Padarincang Banten) ti taun 130-362 Masehi, atuh basa Sunda oge geus jadi pakakas gaul alam harita, dipake guneman antarwarga masarakatna. Enya kitu, nya asup di akal alisan logis.

Disebut bangga dumeh wujud jeung wangun guneman basa Sunda alam harti teu karekam anu engkena bisa dipidangkeun deui. Data guneman lisan, utamana mah, rada hese disungsi raratanana. Anu kapanggih teh raratan guneman tinulis, anu kapanggih dina naskah-naskah buhun. Salah sahiji naskah buhun anu nembongkeun guneman dina basa Sunda nya eta *Carita Parahiyangan*, anu medal dina abad ka-15 Masehi. Geura urang cutat contona.

Carek Sang Resi Guru, “Na naha beja *siya* Bagawat Resi Makandria, mana *siya* datang ka dinih?”

“Pun samapun, aya beja *kami* pun. Kami menta pirabieun pun. Kena kami kapupul;ihan ku paksi Si Uwur-uwur, paksi si Naragati.

Carek Sang Resi Guru, “Karunya *ai(ng)* ku Rahiyang Sempakwaja hanteu diboga ewe. Anaking, Pwah Rababu! *Kita* leumpang husir Rahiyang Sempakwaja, kena *inya* pideungeuneun *siya* satapa.”

Sadatang sang apatih ka Galunggung, carek Batara Dangiyang Guru, “Na naha beja *siya*, Sang Apatih?”

“Pun, kami dititah ku Rahiyang Sanjaya menta piparentaheun, adi Rahiyang Purbasora.”

Lamun ku urang ditengenat, aya lima kecap gaganti ngaran anu dipake dina eta guneman, nya eta *siya*, *kami*, *aing*, *kita*, *inya*. Kecap gaganti ngaran *siya* nuduhkeun jalma kadua tunggal, kecap gaganti ngaran *kami* jeung *aing* nuduhkeun jalma kahiji tunggal, kecap gaganti *kita* nuduhkeun jalma kahiji jeung kadua, ari kecap gaganti *inya* nuduhkeun jalma katilu tunggal.

Dina buku *Pagoenumean Soenda djeung Walanda* anu disusun ku Raden Ranga Karta Winata (1891), kapanggih paguneman dina rupa-rupa situasi, iraha waktuna, di

mana tempatna, saha panyaturna, jeung kumaha kalungguhan sosial para panyaturna. Upamana wae, aya panyatur saperti menak, panakawan, tukang kuda, tukang kebon, tuan, nyonya, koki, kontroleur, wadana, lurah, haji, patih, *kula*,

Menak : Saha ngaran maneh?
Ali : Nu mawi *jisim abdi* ngadeuheus te mah, manawi katampi, jisim abdi seja ngabdi ka *gamparan*.

Tukang Kebon : Embe gaduh pun bapa Sajal.
Tuan : Cik pupulihkeun, embena ulah sina nyatuan di pakarangan *kami*.

Kontroleur : *Kula* atuh rek nepangan Dalem heula.
Raden Wadana ayeuna rek angkat ka mana?
Wadana : Rek mundur bae. Aya pariksaun perkawis pulisi.
Atuh *kula* teu laMI.

Dina *Mangle: Roepa-roepa Tjarita reudjeung Tjonto* anu disusun ku W. van Gelder (1913) kapanggih rupa-rupa paguneman anu ngagunakeun kecap gaganti ngaran. Geura urang cutat sawatara contona.

Jawab Onon, “Heueuh euy, kumaha atuh, *dewek* sieun dicarekan?”

Ari cek bapana, “Ti wates ayeuna *maneh* teu meunang make papakean weuteuh.” (1913:50)

Carek Abdul, “Sing loba bae ngala teh euy, engke *silain* ku *dewek* dibere tambah.” (1913:38)

Omong Asik, “Eh, kutan kitu, *kuring* mah kakara nyaho; ... da ari ti beurang mah tara aya ka *urang*.” (1913:38)

Dina buku *Rusdi jeung Misnem* anu disusun ku A.C. Deenik & Rd. Djajadiredja (1931) aya guneman anu ngagunakeun rupa-rupa kecap gaganti ngaran. Geura urang cutat contona.

“Nyao, da aing mah teuy wawuh,” Ceuk Rusdi. “Euleuh, euleuh, geuning ka urang!”

“Ke, ku *kuring* rek dibejakeun, nya!”

“Pek *sia* nyokot ayakanana, *aing* rek nyokot pacul, “ ceuk Rusdi ka Misnem.

Dina *Dongeng Enteng ti Pasantren* karangan RAF (19)

4. Ulikan Kecap Gaganti Ngaran

Kecap gaganti atawa kecap sulur nya eta kecap anu dipake ngaganti atawa nyuluran kecap barang jeung naon-naon nu dianggap barang. Dina basa Indonesia disebutna *kata ganti* atawa *pronomina* (Inggrisna: *pronoun*). Kecap gaganti anu husus dipake nyuluran ngaran macakal disebutna kecap gaganti ngaran. Ti iraha diulikna kecap gaganti ngaran, sawaktu jeung ti iraha diulikna warna kecap dina basa Sunda.

Coolsma (1904) dina bukuna *Soendaneesche Spraakkunst* geus medar ayana kecap gaganti dina basa Sunda. Kecap gaganti diwilah-wilah jadi sababaraha rupa, di antarana, aya kecap gaganti jalma, saperti *kuring*, *maneh*, jeung *anjeunna*. Hal anu sarupa ditepikeun oge ku Ardiwinata (1916) dina bukuna *Elmuning Basa Sunda*. Ngan pedah bedana teh, anu disebut kecap gaganti teh dikelompokkeun kana golongan kecap lulugu.

Anu disebut kecap gaganti, ceuk Kats & Soeriadiradja (1927) dina bukuna *Spraakkunst en Taaleigen van het Soendasch (Tata Bahasa dan Ungkapan Bahasa Sunda*, terjemahan Ayatrohaedi, 1982), mangrupa salasahiji tina dua kecap anu kagolong kana kecap jejer (subyek), nya eta kecap anu sok nyicingan fungsi jejer dina kalimah. Pamadegan anu meh sarua ditepikeun ku Adiwidjaja (1951) dina bukuna *Adegan Basa Sunda*, anu nyebutkeun yen kecap gaganti mangrupa kecap anu dipake ngaganti kecap sesebutan. Ari ceuk Wirakusumah & Djajawiguna (1969) dina bukuna *Kandaga Tatabasa* ngasupkeun kecap gaganti atawa kecap sulur minangka bagian tina warna kecap. Najan sarua papada kagolong kana warna kecap, tapi Robins (1968) ngasupkeun kecap gaganti minangka bagian tina kecap barang.

Disawang tina jalma anu disuluranana, kecap gaganti diwilah-wilah jadi tilu rupa, nya eta kecap gaganti jalma kahiji (panyatur), kecap gaganti jalma kadua (pamiarsa), jeung kecap gaganti jalma katilu (nu dicaritakeun). Disawang tina ma'na jumlah, aya kecap gaganti tunggal jeung kecap gaganti jama. Kandaga kecap gaganti ebreh dina tabel di handap ieu.

Jalma	Ma'na Jumlah Kecap Gaganti	
	Tunggal	Jama
I	aing, dewek, kami, kaula, kula, jasad kula, kuring, jisim kuring, sim kuring, abdi, abdi gusti, urang, uing, ana, saya(h), <i>oeh</i>	sarerea, sadaya, urang sarerea, urang sadaya, urang kabeh
II	maneh, nyaneh, sia, silaing, ilaing, awak, hidep, andika, sampean, anjeun, salira, panjenengan, gamparan, dampal gamparan, dampal dalem, ente, kamu	maraneh, sarilain, arilain, arandika, aranjeun
III	manehna, anjeunna, mantenna, inyana	maranehna, maranehanana, aranjeunna, marantenna, arinyana

Kecap gaganti jalma kahiji aya oge anu sok ngagunakeun kecap gaganti tempat *di dieu*, ari kecap gaganti jalma kadua sok ngagunakeun kecap gaganti tempat *di dinya*. Dipakena kecap gaganti tempat *di dieu* jeung *di dinya* pikeun kecap gaganti jalma kahiji jeung kadua didadasaran ku konsep proksimitas (*proximity*), nya eta jauh deukeutna antara panyatur, pamiarsa, jeung obyek nu dicaritakeun. Kecap gaganti tempat *di dieu* nuduhkeun jarak nu deukeut jeung panyatur (proksimal), ari kecap gaganti tempat *di dinya* nuduhkeun jarak rada jauh ti panyatur (semi-proksimal), tapi deukeut jeung pamiarsa. Ku kituna, henteu matak aneh lamun *di dieu* bisa dipake ngaganti *kuring*, ari *di dinya* bisa dipake ngaganti *anjeun*. Geura urang tengetan conto makena!

- *Di dieu* teh keur loba gawe pisan.
- *Di dinya* bisa nyuluran *di dieu* henteu?

Basa Sunda barobah luyu jeung robahna paneka jaman, henteu tinggaleun jaman, atawa ninggang kana paribasa “ngindung ka usum ngabap ka jama”, kaasup dina soal-soal kecap gaganti ngaran. Kaharti palebah dieuna mah, lantaran basa Sunda teh kaasup basa anu hirup, tumuwuh, jeung mekar luyu jeung kamekaran jaman. Kumelendangna basa Sunda dina jamanna henteu sosorangan, tapi pasosok jeung basa lian, boh jeung basa dulur saperti basa Melayu, basa Indonesia, jeung basa Jawa, boh jeung basa kosta saperti Arab, Cina, Walanda, Inggris, jst. Kandaga kecap gaganti anu disebut dina tabel di luhur, henteu kabeh tulen Sunda, tapi rea anu asalna tina basa lian. Upamana bae, kecap *dewek* jeung *kula* asalna tina basa Jawa; *abdi*, *ana*, jeung *ente* asalna tina basa Arab, jst.

Di handap ieu aya conto makena kecap gaganti tina basa lian anu mindeng kapanggih dina waktu guneman basa Sunda ragam lisan. Geura urang tengetan!

- *Saya* mah teu bisa indit, aya kaperluan ngadadak.
- *Saya* teh bingung, keur teu boga duit pisan.
- *Ente* bisa nulungan henteu? Cik *ana* nginjeum duit saratus rebu mah!

Kumaha Pikahareupeun?

Bihari manjing kiwari.
Kiwari pakeun pingburi.
Baheula ninggang ayeuna.
Ayeuna sampeureun jaga.

Situasi diglosia kasaksen dina pakumbuhan masarakat basa lamun aya dua ragam basa lulugu—anu masing-masing mibanda rupa-rupa ragam—dipake babarengan pikeun fungsi masarakat anu beda-beda.